

KIJAN EMISYON METÀN KI SOTI NAN DEPO FATRA YO KONTRIBYE NAN OGMANTASYON NIVO LANMÈ AK INONDASYON

1. Kisa metàn ye, e poukisa li enpòtan?

Metàn se yon gaz efè tèmik ki trè pwisan, ki lage lè rès manje ak lòt fatra òganik dekonpoze nan depo fatra. Li kenbe plis pase 80 fwa plis chalè pase gaz kabonik pandan yon peryòd 20 ane.

2. Kijan emisyon metàn ki soti nan depo fatra yo afekte ogmantasyon nivo lanmè?

Lè metàn chofe planèt la, li lakòz glas nan rejyon polè yo fonn epi oseyan yo elaji, sa ki fè nivo lanmè a monte. Chak vil nan Konte Broward vilnerab fas ak ogmantasyon nivo lanmè.

3. Kijan sa mennen nan plis inondasyon?

Nivo lanmè ki pi wo vle di vag tanpèt, gwo mare (king tides), ak gwo lapli lakòz inondasyon pi fasil. Se poutèt sa diminye emisyon metàn ki soti nan depo fatra yo ede pwoteje kay nou, wout nou, kanal yo, rivyè yo, ak dlo potab nou.

4. Kisa mwen ka fè pou ede?

Kit se resikle byen, diminye gaspiyaj manje, oswa fè konpòs lakay ou, nou tout ka fè yon bagay depi kounye a pou diminye kantite fatra n ap voye nan depo fatra yo. Nouvo pwogram ki prezante nan Plan Direktè a ap ede tout moun jere fatra yo pi byen pou kenbe rès manje, fatra lakou, ak materyèl resiklabl yo deyò depo fatra yo.